



Pou Piblikasyon Imedya: 02/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOCHEN FAZ AMELYORASYON SÈVIS METWO
YO AK SÈVIS PWOLONJE POU ALE NAN PLAJ LA**

***Sèvis ranfòse pandan mitan jounen ak sware a sou BDJM ap tren ki rive chak uit
minit***

Ranfòsman sèvis wikenn sou Liy 3 ak 5 k ap kòmanse 6 jiyè

***Navèt Rockaway Park la pral fonksyone ak 10-Tren ak wout pwolonje rive
Rockaway Blvd le wikenn jiska 3 septanm***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse pwochen faz ogmantasyon sèvis metwo yo, k ap ranfòse sèvis sou plizyè liy metwo k ap sèvi Bronx, Brooklyn, Manhattan, ak Queens. Apati lendi 1ye jiyè, sèvis ranfòse pandan mitan jounen an ak sware nan wikenn yo te ajoute nan liy **B, D, J** ak **M**. Pasaje yo ap wè tren ki rive chak uit minit pandan peryòd mitan jounen an ak sware yo. Apati samdi 6 jiyè, liy **3** ak **5** yo ap gen sèvis le wikenn ki ranfòse. Pasaje yo ap wè tren ki rive chak 10 minit.

“Byenke sistèm transpò an komen atravè peyi a ap diminye sèvis, mwen te goumen anpil pou sove MTA nan falèz fiskal la epi pwolonje sèvis metwo a nan bidjè ane pase a,” **Gouvènè Hochul te deklare**. “Amelyorasyon sa yo te fè plis pasaje retounen nan sistèm nan epi bay plis transpò an komen ki abòdab epi fyab pou Nouyòkè yo.”

Anplis ranfòsman sèvis yo, Otorite Transpò Metwopolitèn nan (Metropolitan Transportation Authority, MTA) ap pwolonje Navèt Rockaway Park la a 10 tren, epi pwolonje wout navèt la rive Rockaway Blvd le wikenn jiska Fèt Travay la. Ant 9:00 a.m. ak 9:00 p.m. le samdi ak dimanch, navèt pwolonje a ap fonksyone soti Rockaway Blvd, k ap pèmèt moun ki prale nan plaj yo pandan sezon ete a pou deplase ale epi retounen nan tren A yo ki sèvi alafwa Lefferts Blvd ak branch Far Rockaway yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Pandan 4 jiyè a ap apwoche, Nouyòkè yo ap planifye jounen plaj yo, e transpò an komen se opsyon depasman ki pi abòdab. Soti Long Island rive Coney Island, soti Orchard Beach rive Rockaway Beach, jiska Montauk oswa Milford, MTA a se mwayen ki ekolojik, rapid, epi san traka pou ale."

Prezidan pa Enterim Transpò an Komen Vil NY Demetrius Crichlow te deklare, "Nenpòt lè nou gen kapasite pou amelyore sèvis la, n ap fè sa. Kliyan yo di souvan ke sèvis ki amelyore ak tan pou tann ki diminye ap fè yo retounen. Nou kontan pou pwolonje katriyèm faz ogmantasyon sèvis sa kounye a, pou pasaje yo ka pran metwo a pou yon milyon bagay pou fè ozalantou Vil New York nan sezon ete."

Direktè Anchèf Sèvis Kliyan MTA, Shanifah Rieara, te deklare, "Kliyan yo vle pi bon sèvis, ki pi pratik k ap mennen yo kote yo bezwen ale rapidman epi nan tout sekirite. Amelyorasyon sa yo ap benefisye pasaje yo nan Brooklyn, Queens, Manhattan ak Bronx nan yon moman kote vwayaj lwazi nan moman yo lè lekòl fèmen."

Sèvis ranfòse sou **BDJM** ak **3,5** fè pati 35 milyon dola a te enkli nan Bidjè Ane Fiskal 2024 Eta New York la pou [amelyorasyon sèvis metwo a](#). Liy **J** ak **M** te pami premye liy ki te benefisye de amelyorasyon yo te prevwa yo, pandan sèvis wikenn Transpò an komen Vil NY ki amelyore a ansanm ak liy **G** a nan mwa jiyè ki pase a.

Lòt liy metwo ki te resevwa amelyorasyon sèvis yo se **G, C, N, R, 1** ak **6**.

Navèt Rockaway Park tradisyonèlman fonksyone ak senk tren epi fonksyone ant Broad Channel ak Rockaway Park-Beach 116 St. Navèt ki pwolonje wout la rive Rockaway Blvd ap ajoute kat nouvo arè – Rockaway Blvd, Aqueduct Racetrack, Aqueduct-N Conduit Av ak Howard Beach-JFK Airport.

Ale nan Plaj ak MTA

MTA bay sèvis rive nan Long Island ak plaj Vil New York.

Plaj Long Island

LIRR ofri sèvis ki ranfòse pou sezon plaj la, ak sèvis nan divès plaj tankou Jones Beach pa Branch Babylon lan, Long Beach pa Branch Long Beach lan ak Fire Island pa Branch Montauk.

LIRR konplete Cannonball ak tren siplemantè rive Montauk. Antou le jedi, gen sèt tren k ap rive Montauk ant 10:58 a.m. ak 11:39 p.m., epi le vandredi, gen nèf tren ki ale Montauk ant 10:58 a.m. ak 11:39 p.m.

Pou sila yo ki prefere pase wikenn sezon ete yo sou Rivaj Nò Long Island, LIRR te double kantite vwayaj wikenn ant Ronkonkoma ak Greenport de kat a uit.

Plaj Brooklyn

- Arè **D, F, N,** ak **Q** nan Coney Island, ak bis B36, B68 ak B82. Kliyan yo ka pran yon tren Coney Island-bound **F** oswa **Q** rive West 8 St-NY Aquarium.
- Liy metwo **B** ak **Q,** ansanm ak bis B1 ak B68, ka mennen kliyan yo Brighton Beach.
- Bis B1 ak B49 ka mennen kliyan yo Manhattan Beach.

Plaj Staten Island

- Nan Staten Island, bis S51, S52 ak S81 yo fè arè nan South Beach. S51 aak S81 kanpe tou nan Midland Beach.
- Bis S76 ak S86 ka mennen kliyan yo edar Grove Beach.
- Staten Island Railway (SIR) rive Bay Terrace, ansanm ak bis S78 ak S79, ka mennen kliyan yo rive Pak Great Kills.
- SIR rive Prince's Bay, ansanm ak bis S55 ak S56, ka mennen kliyan yo rive Wolfe's Pond Beach.

Plaj Queens

- Rockaway Beach gen sèvis solid ak liy metwo yo, senk bis ak yon arè LIRR ki la. Kliyan yo ka pran swa A oswa Navèt Rockaway Park, LIRR rive Far Rockaway oswa bis Q22, Q35, Q53-SBS, Q52-SBS oswa Q114.

Plaj Bronx

- Bx29 ka mennen kliyan yo nan Plaj City Island/Orchard Beach.

Plaj Connecticut

- Kliyan yo ka pran Metro-North Railroad rive Milford, kote yo ka rive nan plizyè plaj tankou Silver Sands Beach, Walnut Beach oswa Wildemere Beach.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)